

Regleman 6.031 Kont pou repa sèvis manje lekòl

1. *Objektif.* Objektif règleman sa a se pou tabli pwosedi kont pou repa ki konsistan atravè distri lekòl la. Men objektif règleman an:
 - a. Trete tout elèv kin an liy pou pran sèvis osijè kont repa yo avèk respè kèlkilanswa kondisyon kalifikasyon elèv la;
 - b. Tabli règleman ki apwopriye ak laj elèv la;
 - c. Ankouraje paran/responsab pou pran responsablite pou peye pou repa yo ak ankouraje oto-responsablite elèv la, ak
 - d. Tabli yon règleman ki konsistan pou distri a konsènan kont ki depase limit kredi ak kolekte balans negativ yo
2. *Aderans ak machaswiv USDA yo.* Dapre prensip USDA pou patisipe nan Pwogram Nasyonal pou dejene, manje midi, ak tigoute, yo p ap kapab refize elèv ki kalifye pou benefis gratis yo yon dejene oswa yon manje midi pou kèlkeswa rezon an. Se responsablite paran/responsab la pou aplike pou benefis, si l bezwen; sepandan, machaswiv USDA yo pèmèt direktè (tris) oswa reprezantan l ranpli yon aplikasyon pou yon elèv li konnen ki nan nesosite. Ou kapab jwenn prensip federal pou direktè (tris) nan depatman sèvis manje lekòl.
3. *Repa kredi oswa kont repa yo ki depase limit kredi.* Yo kreye repa kredi sèlman pou ka ijans ak nan sityasyon kote paran oswa elèv bliye pote oswa bay lajan pou repa. Distri lekòl la dwe swiv machaswiv anba yo pou repa ki pa peye pou lekòl/gwoup nivo klas ki deziyen yo.
 - a. Lekòl primè elemantè:
 - i. Y ap pèmèt elèv lekòl primè elemantè depase limit kont kafeterya yo pou yon montan maksimòm ki ekivo ak twa (3) manje midi peye.
 - ii. Nenpòt lè yon elèv pa genyen ase lajan pou achte yon repa, elèv la ap resevwa repa l chwazi a jiskaske li rive nan lè kote pou l fè yon acha ki ta endike limit balans li depase montan ki ekivo ak twa (3) manje midi peye Y ap notifiye paran/responsab elèv la vèbalman oswa alekri osijè balans negatif kont la.
 - iii. Pou nenpòt acha repa kote kont la montre yon chaj pou plis repa ki ekivo twa (3) manje midi peye, elèv la ap resevwa yon repa nitritif sandwich ak fwomaj kòm ranplasman nan yon pen, pen ble antye ak yon chwa lèt ki pa gra oswa yon ji 100%fwi (ap gen akomodasyon pou timoun ki genyen nan dosye yo ke yo fè alèji ak manje). Lè sa a y ap voye yon lèt lakay elèv la pou fè konnen li depase limit kont li.
 - iv. Yo p ap pèmèt okenn elèv peye jan yo vle.
 - b. Lekòl entèmedyè:
 - i. Y ap pèmèt elèv lekòl entèmedyè depase limit kont kafeterya yo pou yon montan maksimòm ki ekivo ak twa (3) manje midi peye
 - ii. Y ap notifiye paran/responsab elèv la vèbalman oswa alekri osijè balans negatif kont la. Elèv la ap resevwa yon repa selon chwa l jiska lè kote balans la depase montan ki ekivo yon repa manje midi peye.
 - iii. Yo p ap pèmèt okenn elèv peye jan yo vle.
 - c. Lekòl segondè:
 - i. Pa gen acha k ap kapab fèt san peman kòrèk.

Jan li ye nan seksyon sa a, elèv la p ap peye pou repa ki ranplase a. Distri lekòl la rekonèt yo pa bezwen ranbouse l lajan pou repa ranplasman sa a.
4. *Tout elèv.*
 - a. Nan sityasyon ki repete plizyè fwa kote yon elèv pa gen lajan pou peye repa l, paran oswa responsab la ap resevwa enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon pou repa gratis oswa ak pri redui.
 - b. Yon dèt sèvis manje ki pa peye ap swiv yon elèv kòmanse nan jadendanfan jiska lekòl segondè.
5. *Adilt.*
 - a. Pa gen acha k ap fèt san peman. Adilt kapab gen pou peye pou repa li yo davans.

6. *Delegasyon otorite konsènan balans ki pa peye.* Sipèentandan an, oswa reprezantan l, ap tabli machaswiv pou koleksyon tout sèvis manje ki gen rapò ak lajan yo dwe distri lekòl la, ki gen ladan men pa limite nan etablisman yon akò mityèl sou plan pèyman jiskaske kont la peye anplèn, izaj yon ajans koleksyon, ak eliminasyon dèt yo pa kapab kolekte.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.41; 1001.42(14)

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. § 1006.06

LWA KOMITE EDIKASYON F.A.C. 6A-7.0411
ETA A:

ISTWA: 3/9/2008